## SANGANO REZIMBABWE RINOONA NEZVESAINZI YENZVIMBO NEMUCHADENGA (ZINGSA)

### GWARO REZVIPIKIRO ZVEBASA KUNE VERUZHINJI
### KUVANDUDZA UCHISHANDISA SAINZI NERUZIVO RWEMUCHADENGA

## 1. NHANGANYAYA

PAZINGSA, TAKAZVIPIRA KUPA MABASA EMHANDO YEPAMUSORO KUVANHU VOSE NEMASANGANO OSE ATINOSHANDA NAWO. TINOZIVA KUKOSHA KWEKUTAURIRANA KWAKAJEKA, KUPINDURA NEKUKASIKA, UYE KUISA ZVINODIWA NEVATINOSHANDIRA PAMBERI MUNE ZVOSE ZVATINOITA. SESANGANO REZIMBABWE RINOONA NEZVESAINZI NEMABASA EMUCHADENGA, ZINGSA YAKATSAURIRA SIMBA RAYO KUONA KUTI MABASA AYO ANOSVIKIKA NYORE KUVANHU, ANOITWA NEMAZVO, NENGUVA YAKAFANIRA UYE NEHUNYANZVI HWEPAMUSORO. ZINGSA ISANGANO REHURUMENDE YEZIMBABWE RAKAGADZWA PASI PEMUTEMO WETSVAKURUDZO [CHITSAUKO 10:22]. SANGANO IRI RINE BASA REKUGADZIRA, KUKURUDZIRA, KURONGA, KUBATANIDZA NEKUITA ZVIRONGWA ZVEKUTSVAKURUDZA NEKUSIMUDZIRA RUZIVO ZVINOVANDUDZA KUGONA MUNYAYA DZINOTEVERA:

- SAINZI YENZVIMBO (GEOSPATIAL SCIENCE)
- UINJINIYA HWEMUCHADENGA (SPACE ENGINEERING)
- UINJINIYA HWENDEGE (AERONAUTICAL ENGINEERING)
- HURONGWA HWEKUTAURIRANA NEMASATELLAITI
- HURONGWA HWEKUMISIKIDZA NZVIMBO PANYIKA
- KUONGORORA PASI UCHISHANDISA MIDZIYO YEMUCHADENGA (EARTH OBSERVATION)
- SAINZI YEMUCHADENGA (SPACE SCIENCE)
- KUSHANDISWA KWEMASIMBI NEMAGETSI (MECHATRONICS)
- HURONGWA HWEKUFAMBISA NEKUZIVA NZVIMBO KUBURIKIDZA NEMASATELLAITI PASI ROSE (GNSS)
- NDEGE DZISINA MUTYAIRI (UAVS)• KUTUMIRA NEKUPFUURIDZA MASATELLAITI MUCHADENGA

## 2. BASA RAKAPIHWA SANGANO

ZINGSA YAKAPIWA BASA RINOSANGANISIRA ZVINOTEVERA:

- KUKURUDZIRA KUSHANDISWA KWEMUCHADENGA NENZIRA DZINE RUGARE UYE DZINOBATSIRA VANHU.
- KUTSIGIRA KUSIMUKIRA KWEMAINDASITIRI KUBURIKIDZA NESAINZI NEHUNYANZVI HWEMUCHADENGA.
- KUKURUDZIRA TSVAKURUDZO, KUVAMBA NZIRA NEMHINDURO ITSVA MUNYAYA DZESAINZI YENZVIMBO, SAINZI YEMUCHADENGA, KUTAURIRANA, KUFAMBISA NEKUZIVA NZVIMBO UYE FIZIKISI YEMUCHADENGA.
- KUSIMUDZIRA RUZIVO, HUNYANZVI UYE KUGONA MUNE ZVESAINZI, UINJINIYA NEHUNYANZVIHWEMICHINA.
- KUVAKA NEKUSIMUDZIRA VANHU VANE RUZIVO KUBURIKIDZA NEDZIDZO, KUDZIDZISWA UYE ZVIRONGWA ZVEKUSVITSA RUZIVO KUNE VERUZHINJI.
- KUSIMBISA NEKUVANDUDZA ZVIVAKWA ZVINOTSIGIRA MABASA ANE CHEKUITA NEMUCHADENGA.
- KUKURUDZIRA KUSHANDIRA PAMWE NEDZIMWE NYIKA MUNYAYA DZESAINZI NEHUNYANZVI HWEMUCHADENGA.

## 3. MWERO YEBASA RATINOVIMBISA

### KUSVIKIRIKA KWEMABASA EDU KUVANHU VOSE.

TICHAVA NECHOKWADI CHEKUTI MABASA EDU, RUZIVO NEMIDZIYO ZVIRIKUWANIKA KUVANHU VOSE PASINA RUSARURA RWECHIMIRO, KUGONA KANA MAMIRIRO AVO. TICHAITA NEPATINGAGONA KUGADZIRISA MABASA EDU KUTI ASANGANE NEZVIDO ZVAKASIYANA ZVEVANHU UYE KUPA DZIMWE NZIRA DZEKUWANA RUZIVO KANA MABASA EDU POSE PAZVINOBVIRA.

### KUPINDURA NEKUKASIKA

TAKAZVIPIRA KUPINDURA NEKUKASIKA MIBVUNZO YENYU, ZVINOKUNETSAI UYE MAZANO AMUNOTIPA. CHINANGWA CHEDU NDECHEKUSIMBISA KUGAMUCHIRA MASHOKO ENYU MUKATIMEMAZUVA EDU EBASA UYE KUKUPAI MHINDURO YAKAZARA KANA KUGADZIRISA NYAYA YACHO MUKATI MENGUVA INE MWERO ZVICHIENDERANA NEKUOMA KWAYO.

### HUNHU HWEBASA

VASHANDI VEDU VACHAZVIBATA NGUVA DZOSE NEHUNYANZVI, NERUREMEKEDZO UYE NEHUNHU HWAKANAKA. TICHAKUTEERERAI NEMOYO WESE, KUKUBATAI NERUKUDZO RWAKAKODZERA UYE KUKUPAI RUZIVO RWAKARURAMA UYE RWAKAKODZERA KUTI TIKUBATSIRE ZVINOBUDIRIRA.

### KUITA MABASA NENGUVA

TICHASHANDA NESIMBA ROSE KUTI MABASA EDU AITWE NENGUVA YAKAFANIRA. KUNYANGWE MAMWE MABASA ANGAVE AINE NGUVA DZAKATOTEMERWA NEKUDA KWEZVINODIWA MUKUSHANDA KWESANGANO, TICHAKUZIVISAI NEKUKASIKA KANA PAINE KUNONOKA KANA SHANDUKO DZINOTARISIRWA UYE TICHARAMBA TICHIKUPAI RUZIVO RWEZVIRI KUITIKA PAZVINENGE ZVICHIDIKANWA.

## SANGANO REZIMBABWE RINOONA NEZVESAINZI YENZVIMBO NEMUCHADENGA (ZINGSA)

**GWARO REZVIPIKIRO ZVEBASA KUNE VERUZHINJI**
**KUVANDUDZA UCHISHANDISA SAINZI NERUZIVO RWEMUCHADENGA**

**KUBUDITSA MASHANDIRO EDU PACHENA**

TAKAZVIPIRA KUITA MABASA EDU NEKUITA SARUDZO PACHENA. TICHAPA RUZIVO RWAKAJEKA UYE RWUPFUPI PAMUSORO PEMABASA EDU, MAITIRO EDU EKUSHANDA PAMWE NEMARI DZINOBHADHARWA PAZVINODIWA. KANA PAINE ZVIPINGAMUPINYI KANA MIGANHU INOGONA KUKANGANISA KUPIHWA KWEMABASA, TICHAZVITSANANGURA PACHENA, NECHOKWADI UYE NEKUVIMBIKA.

### 4. ZVICHEMO NEMAFUNGIRO ENYU

RUNHARE

TINE NHARE YAKATSAURIRWA KUGAMUCHIRA MIBVUNZO YENYU, KUKUBATSIRAI UYE KUGADZIRISA ZVICHEMO ZVENYU PANGUVA DZEBASA.

**NHAMBA YEKUFONERA:**
**+263 8688003466**

TSAMBAMBOZHA (EMAIL)

**MUNOGONA KUTIBATA KUBURIKIDZA NEEMAIL PA:**
**PUBLICRELATIONS@ZINGSA.AC.ZW**

TICHAPINDURA MIBVUNZO YENYU YEEMAIL NEKUKASIKA UYE TOKUPAI RUBATSIRO RUNODIWA.

DANDEMUTANDE (WEBSITE)

DANDEMUTANDE REDU NDIRO NZVIMBO HURU YEKUWANA RUZIVO, ZVIZIVISO ZVITSVA UYE DZIMWE NZIRA DZAMUNOGONA KUZVIBATSIRA NADZO MOGA. RINE MIBVUNZO INOWANZOBVUNZWA, MAFOMU UYE ZVIMWE ZVINYORWA ZVINOKUBATSIRAI KUWANA RUZIVO RWAMUNODA PAMWE NEKUWANA MABASA EDU.

**DANDEMUTANDE(WEBSITE):**
**WWW.ZINGSA.AC.ZW**

### 5. KURAMBA TICHIVANDUDZA MABASA EDU

TAKAZVIPIRA KURAMBA TICHIVANDUDZA MASHANDIRO ATINOITA MUKUSHANDIRA VERUZHINJI. TICHAONGORORA MAZANO NEMAFUNGIRO ATINOPIWA, TICHITEVERA MASHANDIRO EMABASA EDU UYE TICHIITA GADZIRIDZO DZINODIWA KUTI TIVE NECHOKWADI CHEKUTI TINOSANGANA NEZVAMUNOTARISIRA UYE KUPFUURA IPAPO. NEKUTEVEDZERA GWARO IRI REZVIPIKIRO ZVEBASA KUNE VERUZHINJI, ZINGSA INOVAVARIRA KUPA VANHU RUZIVO RWAKANAKA PAKUSHANDIRWA KWAVO UYE KUVAKA HUKAMA HWAKASIMBA UYE HUNOGARA KWENGUVA REFU NEVANHU NEMASANGANO ATINOSHANDA NAWO. TINOTENDA NEKUVIMBA KWAMUNOTIITA UYE TINOTARISIRA KURAMBA TICHIKUSHANDIRAI MUNYAYA INOFADZA YEKUONGORORA NEKUSHANDISA MUCHADENGA.

**ZINGSA: KUSIMUDZIRA ZIMBABWE KUBUDIKIDZA NESAINZI NEHUNYANZVI HWEMUCHADENGA**

**PERMANENT SECRETARY**
**(MHTEISTD)**

**ACTING DIRECTOR GENERAL**
**(ZINGSA)**